# Jetim qızlar, baǵıwshısınan ayrılǵan jalǵız hayallardıń kontrakt tólemin hákimiyat hám Joqarı oqıw orınları tólep beredi

Kúni keshe bolıp ótken videoselektor májilisinde joqarı maǵlıwmatlı bolıwdı qálewshi, qábiletli, bilimi bar, degen menen táǵdir sınaqları menen niyetine jete almaǵan hayal-qızlardı xoshametlew sisteması engiziw haqqında sóz boldı.

Image not found or type unknown

Prezidenttiń atap ótiwinshe, ata-anasınıń birewinen ayırılǵan mútáj qızlar, baǵıwshısı joq jalǵız hayallardıń kontrakt tólemlerin hákimiyat hám joqarı oqıw orınları tólep beredi. Bunda hár bir wálayat hákimi jergilikli byudjet esabınan 100 hayal-qızdıń, hár bir joqarı oqıw ornı bolsa 30-50 hayal qızdıń kontrakt tólemin tólep beriwge juwapker boladı. Senat Baslıǵı Tanzila Norboeva bul jumıslardı shólkemlestiriwge jeke juwapker boladı.

Májliste Urgensh universiteti rektorı bul sistema arqalı kútilip atırǵan nátiyjelerdi túsindirip berdi.

ÓzA